



# LWA FONDAMANTAL ANRAPÒ AK TIMOUN K AP TRAVAY NAN ETA NOUYÒK [dol.ny.gov/know-your-rights](https://dol.ny.gov/know-your-rights) **WE ARE YOUR DOL**



Department  
of Labor

## SE POU W KONN DWA W

- ✓ Yo dwe peye w nan dat yo konn peye a pou tout lè w te travay pou peryòd ki pase a.
- ✓ Yo ka peye w ak chèk, kat yo peye moun, oswa lajan kach.
- ✓ Ou dwe resewa yon resi ki montre yo peye w ki gen tout montan yo peye w yo.
- ✓ Patwon w dwe anrejistre tout lè w travay yo. NYSDOL ankouraje w pou w anrejistre tout lè w travay yo tou.
- ✓ Patwon w ap kenbe dosye travay ou yo nan lokal travay la. Yo dwe make tout sa k pa twò gwo nan orè travay yo pou w ka wè yo byen fasil.

## MINÈ YO PA KA FÈ TRAVAY KI ANNAPRE YO TIMOUN KI GEN 14-15 LANE:

- Travay nan faktori
- Fè manje oswa patisri ak kèk zouti/materyèl
- Travay kote yo pran swen moun ki malad mantal

## TIMOUN KI GEN 14 POU RIVE 17 LANE (TOUT MINÈ):

- Konstriksyon, otèl, anbalaj vyann, nan min, elt.
- Sèvi ak kèk ekipman oswa machin ki mache ak kouran
- Travay ak pwodui ki gen radyasyon oswa pwazon
- Fè brik oswa sèvi ak bagay ki ka eksploze
- Pifò mwayen transpò, magazen, oswa depo

- Travay nan prizon ak kote yo fèmen moun ki fè zak

Kote yo bwè ak sèvi alkòl, minè pa ka nan sèvi alkòl. Si minè yo ap sèvi ak yon veso yo sèvi alkòl, yo dwe anba je yon moun ki gen plis pase 21 lane. Nan kote yo vann alkòl yo, men yo pa bwè yo nan lokal la, yon moun ki gen plis pase 18 lane dwe la pou l voye je sou sa k ap vann yo.

## **LÈ TRAVAY PANDAN LEKÒL AP DEWOULE TIMOUN KI GEN 14 AK 15 LANE**

- 3 èdtan pou pi plis lè se jou lekòl
- 8 èdtan pou pi plis lè pa gen lekòl
- Pa plis pase 18 èdtan owa 6 jou pa semèn
- Lè yo travay ka ant 7 AM ak 7 PM

## **TIMOUN KI GEN 16 AK 17 LANE**

- 4 èdtan pou pi plis Lendi -Jedi
- 8 èdtan pou pi plis Vandredi - Dimanch ak jou fèt yo
- Lè yo travay ka ant 6 AM ak 10 PM nan nuit jou lekòl yo; soti 6 AM pou rive 12 AM nan jou ki pa gen lekòl yo

## **LÈ TRAVAY PANDAN VAKANS**

### **TIMOUN KI GEN 14 AK 15 LANE**

- 8 èdtan pa jou pou pi plis
- Pa plis pase 40 èdtan owa 6 jou pa semèn
- Lè yo travay ka ant 7 AM ak 9 PM

### **TIMOUN KI GEN 16 AK 17 LANE**

- 8 èdtan pa jou pou pi plis
- Pa plis pase 48 èdtan owa 6 jou pa semèn
- Lè yo travay ka ant 6 AM ak 12 AM

Ministè Travay Nan Eta Nouyòk se yon Enstitisyon/Pwogram ki Bay Tout Moun Memm Posibilite nan Kesyon Travay. Éd ak sèvis oksilyè yo disponib sou demann e yo gratis pou moun ki gen andikap TTY/TDD 711 oswa 1-800-662-1220 (Anglè) / 1-877-662-4886.